

ELEKSYON JENERAL 2026 MITAN MANDA: Kesyon yo poze souvan Jou eleksyon an se 3 novanm 2026

Dat ak dat limit enpòtan yo:

Dat limit pou enskripsyon elektè yo (pa lapòs oswa sou entènèt):

- 13 Oktòb 2026: Fòmilè a dwe gen tenb lapòs la anvan dat sa a.

Dat limit pou aplikasyon pou vote pa lapòs (pa lapòs oswa sou entènèt):

- 27 oktòb 2026: Grefye konte a dwe resevwa fòmilè a nan dat sa a.

Peryòd pou vòt bonè an pèsòn:

- 24 Oktòb – 1ye Novanm 2026
- Biwo vòt yo ouvè de 10 am rive 8 pm jou lasemèn ak samdi, epi 10 am rive 6 pm dimanch.

Dat limit pou aplikasyon pou vote pa lapòs (an pèsòn):

- 2 novanm 2026: Yo dwe voye aplikasyon anvan 3 pm nan biwo Grefye Konte w la..

Dat Eleksyon Jeneral la:

- 3 novanm 2026: Biwo vòt yo ouvè soti 6 am pou rive 8 pm.



Resous disponib nan lwvnj.org/vote

- Enskri pou vote oubyen verifye kondisyon moun k ap vote a
- Aplikasyon ak enfòmasyon pou w vote pa lapòs
- Lyen pou Portal Enfòmasyon Votè Eta New Jersey a
- Enfòmasyon sou kandida yo sou Vote411

Ki opsyon mwen genyen pou m vote?

Gen **3 fason** pou w vote :

1. **Vòt ann avans an pèsòn:** Sèvi ak yon machin pou vote nan yon sant vòt bonè nan konte w la apati 24 Oktòb – 1ye Novanm 2026.
2. **Vòt pa lapòs:** Voye bilten vòt ou a tounen nan youn nan twa fason ki dekri nan seksyon Vote pa Lapòs la.
3. **An pèsòn jou eleksyon an:** Biwo vòt yo louvri 6è dimaten – 8è diswa nan dat 3 novanm 2026.

Kisa vòt an Avans an pèsòn nan ye?

Elektè New Jersey yo ka vote an avans lè l sèvi avèk yon machin pou vote nan sant vòt ki deziyen pou vòt an avans lan. Pandan vòt ann avans lan, biwo vòt yo ouvè soti 10 am rive 8 pm jou lasemèn ak samdi, epi soti 10 am rive 6 pm lè dimanch. Kontakte konte w la pou konnen ki kote pou vote an avans oubyen vizite lwvnj.org/vote.

Ki kote biwo vòt mwen an ye?

Ou ka vote an avans an pèsòn nan yon sant vòt an avans nan konte w la, oubyen ou ka vote nan sant vòt ki deziyen pou ou a jou eleksyon an. Jwenn biwo vòt ou a sou Vote411.org oubyen lwvnj.org/vote.

Kijan m ka vote pa lapòs?

Nan New Jersey, nenpòt elektè ki enskri epi ki kalifye ka vote pa lapòs aprè yo fin aplike. Pou yo voye bilten vòt ou a pa lapòs ba ou, aplike sou entènèt oswa voye yon aplikasyon pa lapòs. Sekretè Konte w la dwe resevwa l anvan 27 oktòb 2026. Votè yo kapab aplike an pèsòn tou nan biwo Sekretè Konte yo a jiska 3 pm dat 2 novanm 2026.

Èske mwen kalifye pou vote?

Pou w enskri pou w vote nan NJ, Ou dwe: yon sitwayen Ameriken; gen omwen 17 an (epi konprann ou pa ka vote nan yon Eleksyon Jeneral jiskaske ou gen 18 an); yon rezidan konte a pandan 30 jou anvan eleksyon an; epi pa ap sèvi yon santans prizon kounye a akòz yon kondanasyon pou krim grav. Ou ka enskri pou vote si w an libète sou kondisyon oubyen si w an pwobasyon. Dat limit pou enskripsyon votè pou Eleksyon Jeneral Novanm nan se 13 Oktòb 2026.

Èske mwen enskri pou vote?

Si w pa sèten si enskripsyon w ajou, oswa si w bezwen enskri ankò aprè yon chanjman non, yon demenajman, oswa aprè w fin peye yon santans prizon, eskane kòd QR ki sou paj sa a oswa ale sou lwvnj.org/vote.

Kijan pou m retounen bilten vòt pa lapòs mwen an?

Retounen bilten vòt ou a nan youn nan twa fason sa yo:

- Depoze bilten vòt ou a nan yon bwat depoze bilten vòt ki an sekirite nan konte w la anvan biwo vòt yo fèmen jou eleksyon an.
- Pote bilten vòt ou a an pèsòn nan Komisyon Eleksyon Konte ou a anvan biwo vòt yo fèmen jou eleksyon an.
- *Retounen bilten vòt ou a pa lapòs – Chanjman resan*

Bilten vòt pou vote pa lapòs yo dwe gen **tenb lapòs la** anvan jou eleksyon an. Akòz yon chanjman resan, USPS kounye a konsidere lapòs ki gen tenb poste a lè biwo lapòs la *trete* li, se pa lè biwo lapòs la resevwa li. **Akòz chanjman sa a, li rekòmande pou retounen bilten vòt ou a ranpli lè w sèvi avèk youn nan de metòd ki anwo yo.** Si w gen plan pou voye bilten vòt ou a pa lapòs, voye l omwen plizyè jou anvan jou eleksyon an.

Kijan m ka konnen si yo te resevwa epi konte bilten vòt pa lapòs mwen an?

Pou w suiv bilten vòt pa lapòs ou a, ale sou Vote.NJ.Gov, chwazi "Track My Ballot" (Suiv Bilten Vòt Mwen an) epi konekte sou kont Dosye Elektè Mwen an. Si ou poko gen yon kont, ou ka kreye youn lè w suiv enstriksyon yo pou jwenn ID Elektè ou a.

Kisa k ap pase si yo rejte bilten vòt pa lapòs mwen an tanporèman?

Yo ka rejte bilten vòt yo pou plizyè rezon. Si yo rejte bilten vòt ou a akòz yon erè ki ka korige, ou ap resevwa yon "Lèt regilarizasyon" nan men Komisyon Eleksyon Konte ou a ki pral gen ladan yon Fòmilè regilarizasyon. Lè w ranpli fòmilè sa a, w ap deklare se te bilten vòt ou epi w ap verifeye idantite w lè w bay enfòmasyon yo. Ou ka depoze fòm sa a an pèsòn nan biwo Komisyon Eleksyon konte w la, oubyen ou ka voye l tounen pa lapòs, imel, oubyen faks. Ranpli fòmilè a kou w resevwa l. Dat limit pou Komisyon Eleksyon Konte a resevwa fòm koreksyon bilten vòt ou a se 48 èdtan anvan sètifikasyon eleksyon an.

Kijan mwen ka aprann plis bagay sou kandida yo?

Fowòm kandida yo se kote esansyèl pou ede elektè yo aprann plis bagay sou yon kandida ak pozisyon li sou pwoblèm kle yo. Kandida yo kapab tou bay opinyon yo atravè medya lokal yo, sou rezo sosyal yo, nan reyinyon kominotè lokal yo, ak atravè materyèl kanpay yo. Ou kapab aprann tou sou kandida k ap kandida pou pòs federal, eta ak lokal yo lè w ale sou Vote411.org.

Kijan mwen ka vin yon ajan biwo vòt?

Anplwaye biwo vòt yo jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan chak eleksyon. NJ bezwen moun pou fasilite vòt an pèsòn pou vòt an avans ak jou eleksyon an. Sa a se yon pozisyon peye epi yo bay fòmasyon. Aplike sou PollWorker.NJ.Gov.

Pou ki moun/kisa y ap vote nan eleksyon sa a?

Eleksyon mitan manda yo se eleksyon jeneral federal ki fèt nan mitan manda katran yon prezidan. Pandan yon ane eleksyon mitan manda, votè yo eli tout 435 manm Chanm Reprezantan Etazini an, ki sèvi pou yon manda dezan, ak apeprè yon tyè nan Sena Etazini an, ki gen manda sis ane yo gradyèl. Kontrèman ak anpil eta, New Jersey fè eleksyon gouvènè li yo nan ane enpè, kidonk Gouvènè ak Lejislati eta a eli nan yon sik diferan de eleksyon federal mitan manda yo. Anplis de sa, plizyè biwo lokal, tankou eleksyon minisipal, konte, ak konsèy lekòl, ka fèt, ansanm ak mezi bilten vòt. Ale sou Vote411.org pou wè sa ki sou bilten vòt la pou ou espesyalman.

Poukisa li enpòtan pou w vote?

Kongrè a kontwole finansman federal ki aloke bay NJ, sa ki gen enpak dirèk sou bagay tankou enfrastruktir lokal ak finansman lekòl yo. Kongrè a ekri lwa tou ki gouvènè lavi chak jou ou, li konfime jij yo, epi li deside estrikti taks ki gen enpak sou chèk ou. Vòt endividyèl ou a gen yon gwo pwa. Lè w ap vote, w ap ede ogmante patisipasyon elektè yo. Lè patisipasyon elektè a wo, sa vle di ou pa kite desizyon yo nan men yon ti pousantaj moun. Pou ou vote, vle di ajoute vwa ou epi vote pou ofisyèl eli ou kwè ki pral pi byen reprezante pwoblèm ki enpòtan pou ou yo.

Lòt kesyon?

Voye yon imel bay League of Women Voters of New Jersey nan contact@lwvnj.org.



Pwojè sa a gen patenarya Fondasyon Bawo Eta New Jersey, epi li fèt gras ak finansman ki soti nan Fon IOLTA Bawo New Jersey. Pou plis enfòmasyon sou lòt aktivite Fondasyon an ki gen rapò ak lalwa, ale sou njbsf.org.